

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun nyangking data nu miboga tujuan jeung mangpaat. Dumasar éta, aya opat hal nu kudu diténan nyaéta cara ilmiah, data, tujuan, jeung mangpaat nu tangtu. Cara ilmiah hartina yén panalungtikan téh kudu dumasar kana ciri-ciri paélmuan, nyaéta rasional, émpiris, jeung sistematis. Data nu dicangking dina panalungtikan nyaéta data émpiris nu miboga kritéria nyaéta kudu valid. Tujuan panalungtikan aya lima rupa nyaéta pikeun ngagambarkeun, ngabuktikeun, ngamekarkeun, manggihan, jeung nyiptakeun. Mangpaat tina panalungtikan bisa digunakeun pikeun maham, ngaguar, nyingkahan pasualan, jeung nyieun kamajuan (Sugiyono, 2019, kc. 2-7).

Dina ieu panalungtikan, métode nu digunakeun nyaéta métode déskriptif kalayan pamarekan kualitatif. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 18) métode panalungtikan kualitatif nyaéta métode nu dumasar kana falsafah *postpositivisme*, dipaké pikeun nalungtik kondisi objék nu alamiah, dimana nu nalungtik jadi konci tina instrumén panalungtikanana, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (*gabungan*), analisis data miboga sifat induktif atawa kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih condong kana ma'na tibatan *generalisasi*.

Métode déskriptif mangrupa hiji métode panalungtikan kualitatif nu mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun hiji hal sacara objéktif nyaéta ngeunaan objék nu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan, nu didéskripsikeun nyaéta carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, ajén kaagamaan dina carita pantun Raden Pamanah Rasa, unsur struktural (fakta carita, téma, jeung sarana carita), unsur semiotik (ikon, indéks, jeung simbol) dina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa.

3.1 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 175) désain panalungtikan nyaéta rarancang nu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hiji hal nu rék dilakukeun. Bagbagan prosés

panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan panalungtikan, ngumpulkeun data (talaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi) ngolah jeung nganalisis data, nyieun kacindekan, jeung nulis laporan tina hasil panalungtikan.

Tujuan Panalungtikan
Ngadéskripsikeun:

- Carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat
- Ajén Kaagamaan dina carita pantun Raden Pamanah Raasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat
- Unsur struktural dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat
- Unsur semiotik dina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa

Bagan 3. 1

Desain Panalungtikan

3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi nu dijadikeun tempat panalungtikan nyaéta Désa Sadawarna nu aya di wilayah Kecamatan Cibogo Kabupatén Subang. Dumasar letak géografis, Désa Sadawarna aya dina koordinat *Lintang Selatan* 60,11° jeung *Bujur Timur* 1070,54°. Sedengkeun dumasar topografi, Désa Sadawarna kaasup daérah *pegunungan* nyaéta 0 - 1500 mdpl. Désa Sadawarna kaasup wilayah Subang Kalér, jarak ti puseur kota nyaéta 15 km sedengkeun ti puseur kecamatan nyaéta 2,3 km. Désa Sadawarna mangrupa désa nu *berbatasan* langsung jeung Kabupatén Indramayu sarta Kabupatén Sumedang gurat watesna mangrupa gurat alam nyaéta walungan Cipunagara.

Lifha Saufa Ainun Permana, 2022

AJÉN KAAGAMAAN DINA CARITA PANTUN RADEN PAMANAH RASA PINTONAN JURU PANTUN AYI RUHYAT (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia Repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Désa Sadawarna nyaéta wilayah *pengembangan dan produksi bahan peledak modern yang terbesar di Asia Tenggara atau ASEAN (PT Dahana Persero)*. Wilayah Désa Sadawarna ngawengku tilu dusun nyaéta Dusun Dukuh, Dusun Sadawarna, Dusun Sari asih. Tina tilu dusun éta, ngawengku 19 RT jeung 9 RW. Legana wilayah Désa Sadawarna nyaéta 1.832 Ha. Ieu dihandap mangrupa wates-wates Désa Sadawarna.

Kalér : Désa Sumur Barang


Kidul : Désa Cibalandong Jaya

Wétan : Kabupatén Indramayu

Kulon : Désa Cibogo, Désa Pada Asih, jeung Kelurahan Wanareja

Gambar 3. 1

Lokasi panalungtikan Désa Sadawarna Taun 2021



3.2.2 Kondisi Sosial Budaya Masyarakat Désa Sadawarna

1) Cacah Jiwa

Lifha Saufa Ainun Permana, 2022

AJÉN KAAGAMAAN DINA CARITA PANTUN RADEN PAMANAH RASA PINTONAN JURU PANTUN AYI RUHYAT (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia Repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Data cacah jiwa Désa Sadawarna taun 2021 jumlahna aya 4.488 urang, nu ngawengku 2.340 lalaki jeung 2.148 awéwé.

Tabél 3. 1

Jumlah Cacah Jiwa Désa Sadawarna Taun 2021

Jumlah penduduk lalaki	Jumlah penduduk awéwé	Jumlah kepala keluarga lalaki (KK)	Jumlah kepala keluarga awéwé (KK)	Jumlah
2.340	2.148	1.397	89	4.488

Sumber: Démografi Désa Sadawarna 2021

2) Atikan

Tina segi widang atikan, masarakat Désa Sadawarna kawilang alus, katitén tina masarakatna nu sakola ti SD, SLTP, SLTA, D3, S1, jeung S2. Masarakat Désa Sadawarna rata-rata miboga atikan najan lulusanana béda-béda ti mimiti lulusan SD nepi ka S2. Najan masih aya kénéh masarakat nu teu tamat sakola, lain hartina teu maliré kana kapentingan atikan. Eta hal bisa disababkeun ku sababaraha faktor, di antarana faktor ékonomi masarakat anu masih kénéh kurang, faktor tradisi masarakat atawa kurangna pamahaman kana dunya atikan, jeung faktor-faktor séjén.

Tabél 3. 2

Jumlah Cacah Jiwa Dumasar Atikan Taun 2021

Lifha Saufa Ainun Permana, 2022

AJÉN KAAGAMAAN DINA CARITA PANTUN RADEN PAMANAH RASA PINTONAN JURU PANTUN AYI RUHYAT (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia Repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

No	Tingkat pendidikan penduduk	Jumlah
1	Buta aksara dan huruf latin	5
2	TK	165
3	Cacat fisik dan mental	2
4	SD	1.345
5	Tidak tamat SD	230
6	SLTP	1.210
7	Tidak tamat SLTP	80
8	SLTA	370
9	D3	69
10	S1	42
11	S2	12

Sumber: *Démografi Désa Sadawarna 2021*

3) Agama

Masyarakat Désa Sadawarna ngagem agama Islam. Ieu hal katitén tina data monografi yén sakabéh masyarakatna, nyaéta 4.488 urang, ngagem agama Islam.

Tabél 3. 3

Jumlah Cacah Jiwa Dumasar Agama Taun 2021

No	Agama	Jumlah
1	Islam	4.488
2	Kristen Katolik	-
3	Kristen Protestan	-
4	Hindu	-
5	Budha	-
6	Kapercayaan Séjén	-
Jumlah		4.488

Sumber: *Démografi Désa sadawarna 2021*

4) Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Sadawarna ngawengku sababaraha widang pagawéan, tapi umumna jadi patani jeung buruh tani. Ieu hal alatan kaayaan wilayah Désa Sadawarna nu mangrupa kebon jeung sawah. Sumber daya alam nu aya di ieu wilayah dimangpaatkeun tur dijadikeun lahan pikeun melak tutuwuhan. Lian ti éta, aya ogé masarakat nu miboga pagawéan salaku guru, tukang dagang, tukang ojég, seniman, PNS, POLRI, TNI, Wiraswasta, jeung sajabana.

Tabél 3. 4

Jumlah Cacah Jiwa Dumasar Pakasaban Taun 2021

No.	Pakasaban	Jumlah
1	Patani	232
2	Buruh Tani	761
3	Tukang Dagang	32
4	PNS	50
5	Guru Honoror	10
6	Pengusaha	20
7	Buruh	200
8	POLRI	1
9	Pangsiunan PNS	61
10	Tukang Ternak	50
11	Montir	4
12	Supir	20
13	Tukang Ojeg	10
14	Ustad	6
15	Bidan	2

Lifha Saufa Ainun Permana, 2022

AJÉN KAAGAMAAN DINA CARITA PANTUN RADEN PAMANAH RASA PINTONAN JURU PANTUN AYI RUHYAT (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia Repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

16	Seniman	5
17	TKI/TKW	6
18	Wiraswasta	190
Jumlah		1.660

Sumber: Démografi Désa Sadawarna 2021

5) Basa

Basa anu digunakeun ku masarakat Désa Sadawarna nyaéta basa Sunda. Sanajan aya sababaraha urang nu lain urang Sunda, tapi dina komunikasi sapopoé masih ngagunakeun basa Sunda salaku alat komunikasi sapopoé, luyu jeung kaayaan masarakat Désa Sadawarna.

6) Sistem Kapercayaan Masarakat

Sistem kapercayaan sakabéh masarakat Désa Sadawarna nyaéta ngagem agama Islam. Sok sanajan kitu, teu saeutik para sesepuh nu masih kénéh nyekel pageuh tradisi para karuhunna, saperti nyeungeut menyan dina waktu-waktu nu tangtu, nyadiakeun sasajén dina acara-acara ritual saperti dina acara hajatan, nikahan, jeung sajabana. Luyu jeung ageman agama Islam, kabiasaan-kabiasaan para sesepuh téh dipatalikeun jeung ageman agama Islam nyaéta dina babacaanna ogé sok maca lafadz-lafadz Alloh sarta ayat suci Al-Qur'an. Tujuan dilakukeun éta kagiatan ogé lain deui ngan keur para karuhun, tapi geus ditujukeun ngan ukur ka Gusti Nu Maha Suci nyaéta Alloh Swt. pikeun ménta kalancaran, kasalametan, jeung dijauhkeun tina balai.

7) Sistem Kakarabatan Masarakat

Hubungan masarakat Désa Sadawarna kawilang alus, katitén tina kahirupan sapopoé masarakatna anu rukun, hadé tata hadé basa antar sasama. Kagiatan dina ngagarap sawah, sok silih bantuan ti mimiti tandur nepi ka panén. Kitu ogé, dina

widang kabudayaan, masarakat Désa Sadawarna masih pageuh nyekel gotong royong.

3.2.3 Sumber Data Panalungtikan

Dina ngumpulkeun jeung nganalisis data hasil panalungtikan, tangtu kudu nangtukeun sumber data nu rék dipaluruh luyu jeung tujuan panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data panalungtikan mangrupa subjék data anu rék ditalungtik. Sumber data ngawengku tilu aspék, nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung keretas (*paper*).

- 1) Jalma (*person*) nyaéta sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét.
- 2) Tempat (*place*) nyaéta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing upamana rohangan, alat, wujud barang, warna, jsb. Sedengkeun kaayaan gerak upamana aktivitas, ritme, gerak tari, kagiatan diajar-ngajar, jsb. Kaayaan cicing atawa gerak mangrupa objék pikeun métode obsérvasi.
- 3) Kertas (*paper*) nyaéta sumber data anu ngébréhkeun tanda-tanda mangrupa angka, huruf, gambar, atawa simbol-simbol séjénna.

Dumasar kana pedaran di luhur, sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 4) Sumber data nu mangrupa jalma (*person*) nyaéta tokoh-tokoh seniman Sanggar Seni Pantun *Dangiang Linggar Manik* jeung masarakat Désa Sadawarna. Sumber data nu mangrupa jalma ngawengku dua hal nyaéta informan jeung narasumber. Informan nyaéta jalma nu méré informasi ngeunaan hal-hal naon waé nu patali jeung objék panalungtikan. Sedengkeun narasumber nyaéta jalma nu mikanyaho sacara gembler ngeunaan hal-hal nu patali jeung objék panalungtikan atawa minangka palaku dina objék nu rék ditalungtik. Nu kaasup narasumber nyaéta Ayi Ruhyat jeung Idi Jayadiningrat sedengkeun nu kaasup informan nyaéta, Dini Juniawati, jeung Sopyan.

Tabél 3. 5



Lifha Saufa Ainun Permana, 2022

AJÉN KAAGAMAAN DINA CARITA PANTUN RADEN PAMANAH RASA PINTONAN JURU PANTUN AYI RUHYAT (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia Repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Data Informan & Narasumber

No	Foto	Data Informan & Narasumber
1		<p>Wasta : Ayi Ruhyat</p> <p>Yuswa : 52 taun</p> <p>Jenis Kelamin : Lalaki</p> <p>Pakasaban : Seniman</p> <p>Padumukan : Dusun Dukuh RT.10 RW.04, Desa Sadawarna Kec. Cibogo Kabupatén Subang</p> <p>Atikan : SD</p> <p>Kalungguhan : Pupuhu sanggar seni pantun Dangiang Linggar Manik</p>
2		<p>Wasta : Idi Jayadiningrat</p> <p>Yuswa : 65 taun</p> <p>Jenis Kelamin : Lalaki</p> <p>Pakasaban : Seniman</p> <p>Padumukan : Desa Belendung, RT.03 RW.01 Kec. Cibogo, Kabupatén Subang</p> <p>Atikan : SD</p> <p>Kalungguhan : Juru kukus sanggar seni pantun Dangiang Linggar Manik</p>

No	Foto	Data Informan & Narasumber
3		Wasta : Dini Juniawati Yuswa : 16 taun Jenis Kelamin : Awéwé Pakasaban : Pelajar Padumukan : Dusun Batununggul 1 Désa Balingbing Kecamatan Pagadén Barat Kabupatén Subang Atikan : SD Kalungguhan : Sindén sanggar seni pantun Dangiang Linggar Manik
4		Wasta : Sopyan Yuswa : 34 Taun Jenis Kelamin : Lalaki Pakasaban : Perangkat Désa Padumukan : Dusun Dukuh RT. 03 RW.01 Désa Sadawarna Kecamatan Cibogo Kabupatén Subang Atikan : Kabupatén Subang Kalungguhan : S1 : Perangkat Désa Sadawarna

5) Sumber data nu mangrupa tempat (*place*) nyaéta Dusun Dukuh Désa Sadawarna Kecamatan Cibogo Kabupatén Subang. Désa Sadawarna ngawengku tilu dusun nyaéta Dusun Dukuh, Dusun Sadawarna, Dusun Sari Asih.

Lifha Saufa Ainun Permana, 2022

AJÉN KAAGAMAAN DINA CARITA PANTUN RADEN PAMANAH RASA PINTONAN JURU PANTUN AYI RUHYAT (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia Repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

- 6) Sumber data nu mangrupa keretas (paper) nyaéta buku-buku sumber ngeunaan budaya jeung carita pantun sarta gambar-gambar ngeunaan kasenian carita pantun.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah utama dina panalungtikan, sabab tujuan utama panalungtikan nyaéta meunangkeun data. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 296) téhnik ngumpulkeun data bisa dilakukeun ku cara wawancara, angkét, observasi, dokuméntasi jeung gabungan kaopatna. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 297) nétélakeun dina panalungtikan kualitatif, ngumpulkeun data dilakukeun dumasar kana *natural setting* (kaayaan alamiah), sumber data primer, jeung téhnik ngumpulkeun data leuwih loba dina obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

1) Téhnik Talaah Pustaka

Téhnik talaah pustaka nyaéta téhnik ngumpulkeun data tulisan pikeun nangtukeun dokuméntasi tinulis aya patalina jeung carita pantun. Dina ieu panalungtikan dokuméntasi tinulis anu dipaké di antarana; buku ngeunaan carita pantun, buku karya ilmiah, jeung buku-buku budaya Sunda. Lian ti data pustaka, ngagunakeun ogé studi pustaka anu dilaksanakeun di Perpustakaan Pusat UPI, Perpustakaan ISBI, jeung Perpustakaan Program Pendidikan Bahasa Sunda.

2) Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi nyaéta téhnik nu digunakeun pikeun néangan data sacara langsung kana objék panalungtikan di lapangan. Dina ieu panalungtikan, nu jadi objék nyaéta kasenian carita pantun nu aya di Kampung Dukuh, Désa Sadawarna Kacamatan Cibogo Kabupatén Subang.

3) Téhnik Wawancara

Lifha Saufa Ainun Permana, 2022

AJÉN KAAGAMAAN DINA CARITA PANTUN RADEN PAMANAH RASA PINTONAN JURU PANTUN AYI RUHYAT (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia Repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Téhnik wawancara nyaéta téhnik nu digunakeun dina ngumpulkeun data ngaliwatan kagiatan tanya jawab jeung narasumber ogé informan. Nu jadi narasumber ogé informan dina ieu panalungtikan nyaéta pupuhu Sanggar Seni Pantun Dangiing Linggar Manik, seniman-seniman nu ilubiung, jeung perangkat Désa Sadawarna.

4) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nyaéta téhnik nu digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun sagala hal anu aya patalina jeung kasenian carita pantun Dangiing Linggar Manik.

3.3.2 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) instrumén panalungtikan nyaéta pakakas atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanna leuwih gampang sarta hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis nepi ka babari diolah. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *handphone*, buku catetan, jeung pedoman wawancara.

1) Handphone

Handphone digunakeun pikeun alat komunikasi, ngarékam salila pintonan carita pantun Dangiing Linggar Manik, moto kagiatan panalungtikan, sarta ngarékam dina prosés ngumpulkeun data nalika wawancara jeung narasumber.

2) Buku Catetan

Buku catetan digunakeun pikeun nyatet sagala hal nu patali jeung kagiatan panalungtikan, utamana nalika ngalaksanakeun wawancara jeung narasumber.

3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun nungtun panalungtik dina prakna wawancara jeung informan ogé narasumber, museurkeun obrolan kana tujuan nu hayang dihontal. Pedoman wawancara nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta sajumlahing pananya saperti ieu di handap.

Lifha Saufa Ainun Permana, 2022

AJÉN KAAGAMAAN DINA CARITA PANTUN RADEN PAMANAH RASA PINTONAN JURU PANTUN AYI RUHYAT (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia Repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Tabél 3. 6

Biodata Informan jeung Daptar Patalékan Instrumén I :

No	Biodata Informan	
1.	Waktu Wawancara	
2.	Wasta	
3.	Yuswa	
4.	Jenis Kelamin	
5.	Atikan	
6.	Pakasaban	
7.	Kalungguhan	
8.	Padumukan	

Instrumén II :

No.	Daptar Patalékan
1.	Naon sababna ieu kasenian dingaranan seni pantun Dangiing Linggar Manik?
2.	Ti iraha mimiti dipikawanoh ieu kasenian carita pantun Dangiing Linggar Manik téh?
3.	Saha nu mimiti naratas ieu kasenian carita pantun Dangiing Linggar Manik? Kumaha ringkesan carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun
4.	Ayi Ruhyat? Ajén kaagamaan naon baé nu nyampak dina carita pantun Raden Pamanah
5.	Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat? Unsur struktural naon baé nu nyampak dina carita pantun Raden Pamanah Rasa?

Lifha Saufa Ainun Permana, 2022

AJÉN KAAGAMAAN DINA CARITA PANTUN RADEN PAMANAH RASA PINTONAN JURU PANTUN AYI RUHYAT (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia Repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

No.	Daptar Patalékan
6.	Unsur semiotik naon baé nu nyampak dina carita pantun Raden Pamanah Rasa?
7.	

3.4 Téhnik Ngolah Data

Data-data nu geus kacangking tuluy diolah dumasar kana téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) Niténan data nu geus kakumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data hasil panalungtikan nu nuduhkeun déskripsi pintonan carita pantun dina carita Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, unsur struktur carita dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, ajén kaagamaan nu nyampak dina carita pantun Raden pamanah rasa pintonan Ayi Ruhyat, jeung unsur semiotik nu nyampak dina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat.
- 3) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun data nu mangrupa carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, unsur struktur carita pantun

Lifha Saufa Ainun Permana, 2022

AJÉN KAAGAMAAN DINA CARITA PANTUN RADEN PAMANAH RASA PINTONAN JURU PANTUN AYI RUHYAT (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia Repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, ajén kaagamaan dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, jeung unsur semiotik nu nyampak dina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat.

- 4) Nyieun kacindekan tina hasil data nu geus kapaluruh.

3.5 Téhnik Analisis Data

Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 319) téhnik analisis data nyaéta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis data nu dimeunangkeun tina hasil wawancara, catetan lapangan, jeung dokuméntasi, ku cara ngaorganisasikeun data kana katégori, ngajabarkeun kana unit-unit, ngalakukeun sintésa, nyusun kana pola, milih mana nu penting jeung nu bakal dipelajari, sarta nyieun kacindekan sangkan babari dipikaharti ku diri sorangan atawa jalma lian. Analisis data dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Niténan data nu geus kakumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data dumasar (déskripsi carita pantun raden pamanah rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, unsur struktural dina carita pantun Raden Pamanah Rasa, ajén kaagamaan dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi ruhyat, unsur semiotik dina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat).
- 3) Nganalisis data dumasar (déskripsi carita pantun raden pamanah rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, unsur struktural dina carita pantun Raden Pamanah Rasa, ajén kaagamaan dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi ruhyat, unsur semiotik dina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat).
- 4) Ngadéskripsikeun data luyu jeung udagan panalungtikan.
- 5) Nyieun kacindekan tina hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat.

